



Rekòmandasyon pou Lekòl Piblik K-12 nan Sa Ki Gen pou Wè avèk Aktivite Imigrasyon

Connecticut pran angajman fèm pou li ofri anviwònman lekòl pozitif ak san danje ki ankouraje aprantisaj ak devlopman pèsònèl pou *tout* elèv nou yo ak fanmi yo.

Nou konnen administasyon federal ki la kounye a pran mezi dènyèman ki souleve anpil kesyon nan men distrik lekòl yo, ak laperèz pami elèv yo ak fanmi yo, sou sa pou atann si ofisyèl imigrasyon federal yo mande enfòmasyon oswa vini nan lokal lekòl la. Menmsi gen rezon pou panse risk yo pou sa rive rete ba, sikonstans yo ka chanje rapidman, donk li enpòtan pou nou pare epi pou nou garanti fanmi yo gen yon plan ki anplas. Kidonk, nou pibliye rekòmandasyon sa yo pou ede distrik lekòl yo idantifye dwa yo ak responsabilite yo, ak sa elèv yo ak fanmi yo.

Atansyon: Rekòmandasyon sa yo fèt pou garanti respè lwa eta a ak lwa federal yo.

Repase Dwa ak Responsabilite yo

Ni lwa Connecticut ni lwa federal pwoteje dwa yon elèv pou li ale nan lekòl piblik, kèlkeswa sityasyon imigrasyon li. An verite, sa fè plis pase 40 an de sa, Lakou Siprèm Etazini te rekonèt Konstitisyon Etazini an pwoteje dwa sa a. Poutèt sa, lekòl Connecticut yo pa gen okenn obligasyon pou yo ni ranmase ni konsève sityasyon imigrasyon ni elèv yo ni manm fanmi yo.

Lwa sou Dwa a Enstriksyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi an (Federal Education Rights and Privacy Act, FERPA) pwoteje enfòmasyon pèsònèl ki pèmèt idantifye elèv yo tou, sa gen ladan l non ak adrès elèv yo ak fanmi yo. Poutèt sa, si yon distrik lekòl resevwa kèlkeswa demann nan pou enfòmasyon sou elèv, li dwe konsilte rekòmandasyon avoka distrik la bay yo epi rete nan kad pwoteksyon sa yo.

Mete Pwosedi Distrik la Ajou epi Suiv yo

Se toutan distrik lekòl yo anpeche moun antre nan lokal lekòl yo pandan jounen lekòl la pou pwoteje elèv yo ak pèsònèl la epi pou limite deranjman anviwònman aprantisaj la. Pwosedi nòmal yo dwe gen ladan yo restriksyon pou anpeche moun ki vin nan lokal lekòl la antre andedan, fason pou jwenn bonjan idantifikasyon nan men yo, ak fason pou detèmine objektif vizit la. N ankouraje distrik yo pou yo konsilte avoka pou garanti pwosedi yo konplè ak ajou, epi pou yo repase pwosedi sa yo avèk pèsònèl la. Pwosedi sa yo dwe chèche konsève yon anviwònman aprantisaj ki pwoteje sekirite ak vi prive elèv yo ak fanmi yo.

Etandone pi gwo enkyetid ki genyen nan kominote lekòl nou yo konsènan posibilite pou gen aktivite lapolis imigrasyon ki vin fèt nan lokal lekòl yo, n ankouraje distrik yo pou yo ajoute pwotokòl, k ap respekte politik ak pwosedi distrik yo konsènan kijan tyès pati ka jwenn enfòmasyon ak antre nan zòn ki pa piblik, k ap jere sityasyon sa yo espesyalman pou pote asirans ke gen plan ki

anplas, ke lwa yo ap respekte, epi ke dwa yo ap pwoteje. Pwotokòl lekòl yo ka gen bagay sa yo ladan yo:

kontinye ►

- Mande epi note idantifikasyon ajan imigrasyon yo, sa gen ladan l non yo, nimewo badj oswa kat idantite yo, nimewo telefòn yo ak kat pwofesyonèl yo.
- Deziyen yon oswa plizyè manm direksyon lekòl la kòm moun pou ajan yo fè demann ak vizit.
- Voye ajan imigrasyon ki mande gade dosye, enfòmasyon, ak zòn ki pa piblik nan yon lekòl, oswa ki mande pale avèk yon manm nan kominote lekòl la, wè manm direksyon lekòl la ki deziyen an.
- Mande yon ajan si li gen yon manda jidisyè pou kore demann li an epi, si se sa, pou li montre manda a.
- Egzaminen byen tout manda oswa lòt dokiman yo montre w pou detèmine sa li otorize ajan an pou li fè ak kiyès ki bay li. Atansyon, ajan imigrasyon yo gendwa gen “manda administratif” oswa òdonans ki pa òdonans tribinal yon jij distrik oswa majistra Etazini bay, epi ki gendwa pa otorize ajan yo ni pou yo gade dokiman ni pou yo antre nan zòn kote piblik la pa gen dwa antre.
- Konsilte avoka distrik la oswa rekòmandasyon avoka a bay sou sa pou fè, depann de:
 - nati demann nan;
 - si yo montre manda;
 - detay manda a;
 - nati jidisyè oswa administratif manda a;
 - si yon ajan imigrasyon deklare sikonstans yo pa ka tann; epi
 - nenpòt lòt konsiderasyon avoka a idantifye.
- Rete poze, epi kolabore, pou evite: 1) agrave sitiyaasyon an; 2) mete kè pèsonèl la ak elèv yo plis sou biskèt; oswa 3) fè yo panse w ap bare oswa jennen aktivite legal.
- Pran nòt sou detay ki konsène vizit la, sou tout enfòmasyon ajan yo jwenn, sou dosye yo gade, sou zòn kote yo antre, oswa sou moun yo pale avèk yo, sou èske yo te ba yo otorizasyon pou sa, epi, si se sa, sou kiyès ki te ba yo otorizasyon an.

Bay Elèv yo ak Fanmi yo Resous

N ankouraje distrik lekòl yo pou yo mete resous disponib nan plizyè lang, pou enfòmè elèv yo ak fanmi yo sou ki dwa yo genyen ak sou ki sèvis avoka ak sèvis sosyal ki disponib nan kominote a. Depatman Edikasyon Eta Connecticut (Connecticut State Department of Education, CSDE) pral prepare ak bay resous trè pwòchman pou konplete efò distrik la.

Finalman, enfòmasyon yo bay nan nouvo, pale nan televizyon, ak pibliye sou entènèt oswa sou medya sosyo, oswa k ap sikile nan yon kominote, ka mete kè fanmi, elèv, ak anseyan nou yo plis sou biskèt. Poutèt sa, n ankouraje distrik yo pou yo mete konseye sikolojik ak sèvis sipò sante mantal disponib pou elèv yo ak pèsonèl la ki gendwa santi yo estrese oswa kè yo sou biskèt poutèt enfòmasyon sa yo ak yon aktivite presi ki gendwa gen konsekans sou kominote lekòl ou a.

Eta Connecticut rete fèm nan sipò nou epi n apresye kokennchenn efò administratè distrik lekòl yo, pèsonèl yo ak fanmi yo ap fè chak jou pou garanti tout elèv Connecticut yo santi yo an sekirite ak byenveni nan saldeklas yo, prezan nan lekòl nou yo chak jou, epi patisipe aktivman nan aprantisaj la.

